



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 22 Septanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA SOU REZISTANS AK RISK KOMINOTÈ (COMMUNITY RISK AND RESILIENCY ACT)**

***Lwa Bay Zouti pou Eta a ak Kominote Lokal yo Prepare pou Chanjman nan Klima***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lwa sou Rezistans ak Risk Kominotè (Community Risk and Resiliency Act) pou ranfòse Eta New York sou preparasyon pou efè chanjman nan klima ak pwoteje kominote yo kont move tan ak lanmè kap monte. Lwa sou Rezistans ak Risk Kominotè (Community Risk and Resiliency Act) a bay yon pakèt rekòmandasyon enpòtan nan Komisyon NYS 2100 a, ke Gouvènè a te konvoke apre GwoTanpèt Sandy a pou devlope sistèm enfrastrikti ki pi rezistan atravè eta a.

“Nouvo reyalite move tan an gen konsekans tris pou Nouyòkè yo nan pratikman tout rejyon eta a nou an, men jodi a nou fè yon lòt pa nan direksyon objektif nou pou nou rebati pi byen, pifò, ak pi rezistan pase avan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nouvo lwa sa a genyen yon pake aksyon konpreyansif ki ede ranfòse ak reimajine enfrastrikti nou an avèk pwochen tanpèt la nan lespri nou. Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a pandan nap kontinye avanse pou pi devan ak New York nan yon avni ki pi pwòp ak pi rezistan.”

Gouvènè a te siyen lejislasyon an nan konjonksyon avèk Semèn klima 2014 nan Vil New York, ki karakterize plis pase 100 evènman, enkli Somè Klima Nasyonzini, pou mete aksan sou kijan gouvènman, biznis, inivèsite ak sitwayen yo kapab redwi polisyon kabòn ak prepare pou chanjman inevitab yon mond kap chofe. Gouvènè a tou te [pibliye semèn 22 Septanm nan kòm “Semèn klima”](#) e li te mande kolaborasyon entènasyonal pou diminye pwodiksyon gaz tèmik ak pou yo rann peyi a ak kominote yo pi rezistan kont danje klima yo.

Lwa sou Rezistans ak Risk Kominotè a egzije ajans Eta yo konsidere risk fizik klima ki gen pou vini yo ki koze pa tanpèt, lanmè monte oswa inondasyon nan sèten desiyon yo pèmèt, finansman, ak regilasyon (A06558/ S06617-B). Nòm sa yo ka aplike a evalyasyon kwasans entelijan, izin enplantasyon tretman dlo ize ak transpòtasyon dechè ki gen danje, fasilite depo ak eliminasyon dechè, konsepsyon ak règleman konstriksyon pou petwòl ak depo pou pwodwi chimik ak pèmi pou ekstrasyon gaz ak lwil, ak pwopriyete

Haitian Creole

ki sou lis Plan Espas Ouvè eta a, ansanm avèk lòt pwojè yo.

Anplis, Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta a pral adopte pwojekasyon ofisyèl pou ogmantasyon nivo lanmè a apati 1e Janvyè 2016 epi li pral mete pwojekasyon sa yo ajou chak senk ane. Depatman Konsèvasyon Anviwonman Leta ak Depatman Eta pral prepare modèl lwa lokal pou ede kominote yo enkòpore mezi ki gen rapò avèk risk klima fizik nan lwa lokal yo, ansanm avèk bay konsèy sou aplikasyon Lwa a, enkli itilizasyon mezi rezistans ki itilize resous natirèl ak pwosesis natirèl pou diminye risk.

Senator Diane Savino, sipòtè pwojè lwa a te deklare, “Aprè Tanpèt Sandy a, moun New York konprann ke move tan se nouvo reyalyte a. Twòp moun New York te pèdi kay yo lè Sandy te rive nan rivaj nou an e plizyè milye moun toujou kontinye santi efè devastasyon gwo siklòn nan. Lwa a pral finalman egzije ajans Leta yo pou yo konsidere risk klima lè yap bay nouvo pèmi ak finansse nouvo pwojè ki afekte lavi chak jou nou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa sa a an lwa ak pou angajman enkondisyonèl li nan rebati kominote nou an.”

Manm Asanble Robert Sweeney, Direktè Komite Asanble sou Konsèvasyon Anviwonman ak sipòtè pwojè lwa a, te deklare, “Lwa sa a asire ke Eta New York responsab nan itilizasyon lajan kontribiyab yo. Lejislasyon sa a, ki te vini kòm rezilta yon odyans apre Gwo Tanpèt Sandy ak Siklòn Irèn ak Lee, asire ke fon leta ak pèmi pou pwojè, tankou dlo ak etablisman pou tretman egou, gen ladan yo konsiderasyon pou efè chanjman klima ak move tan kapab genyen sou etablisman sa yo. Gwo evènman move tan, ki abitye rive yon fwa sou plizyè santèn ane, ap rive kounye a avèk plis rapidite e ak plis fòs. Eta New York dwe adapte a reyalyte nan chanjman klima a. Akoz de distans dlo nan plizyè kominote Eta new york, Lejislasyon sa a pral pèmèt nou rebati kominote nou an pou l sipòtè efè chanjman klima a. Mwen kontan anpil paske Gouvènè Cuomo siyen pwojè lwa sa a an lwa.”

Komisyonè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Martens te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt risk chanjman klima e li te travay depre avèk lejislati Eta a, Ajans Eta yo, kominote lokal yo ak lòt patnè pou devlope estrateji pou minimize enpak potansyèl sou rezidan yo, biznis ak resous natirèl yo. Nouvo lwa sa a baze sou efò sa yo nan bay yon pi gwo defans kont potansyèl menas ki soti nan move tan ak inondasyon akòz chanjman nan klima, sa ki pral pwoteje anviwonman nou an pi byen.”

Sekretè Deta Cesar A. Perales te deklare, “Gouvènè Cuomo dirije peyi a avèk vizyon ak detèminasyon pou l adrese adaptasyon nan chanjman klima ak rezistans kominotè. Depatman Deta pral kontinye travay avèk ajans sè nou yo nan bay ekspètiz planifikasyon pou ede kominote yo nan tout eta a aplike estrateji rezistans lontèm, patikilyèman nan zòn kotyè ki vilnerab yo.”

Direktè Egzekitif Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè Jamie Rubin te deklare, “ Avèk ka move tan ki vin pi frekan an, nou dwe kontinye reimajine New York nan yon fason inovatif ak efikas. Entegrasyon rezistans nan chak pwogram NY Rising yo, Eta a ede mèt kay yo, ti biznis ak tout kominote a yo rebati pi byen ak pifò pase avan. Nouvo Lwa Rezistans ak Risk Kominotè (Community Risk and Resiliency Act) a prale pi lwen avèk objektif sa a, pandan lap demontre angajman kontinyèl Eta a pou l pwoteje vwazinaj kotyè ki riske yo.”

Haitian Creole

Komisyonè Sèvis Ijans ak Divizyon Sekirite Enteryè Eta New York Jerome M. Hauerte deklare, “Lwa rezistans ak Risk Kominotè a rekonèt ke avèk chanjman klima a vin gen plis move tan e Eta New York bezwen prepare pou l reponn a evenman ki pi sevè ak pi rapid. Sa mande plis fòmasyon, ekipman ak kapasite repons ki pral amelyore operasyon aktyèl yo ak fè New York vini eta ki pi prepare nan peyi a.”

Syantis yo te konfime ke genyen yon ogmantasyon nivo lanmè a apeprè 13 pous depi 1900 nan zòn kòt New York, e ki te mezire yon ogmantasyon enpòtan nan pwopòsyon total presipitasyon ki rive lè gen gwo lapli. Chanjman klima sa yo, mete ansanm avèk amenajman teritwa, dekoupaj an zòn ak investisman ki pèmèt ak pafwa ankouraje devlopman zòn ki riske yo, vin bay plis moun, biznis ak enfrastrikti piblik ki nan zòn vilknerab yo.

New York ak lòt eta Nòdès ak Mid-Atlantik yo te premye pran inisyativ Gaz Rejyonal Greenhouse, premye pwogram ki baze sou mache pou kouvri ak redwi emisyon gaz a efè tèmik nan izin elektrik yo. Nan kad pwogram sa a, yo vann kota emisyon nan vant ozanchè epi benefis yo reenvesti nan pwojè ki soutni teknoloji enèji pwòp, bay pi gwo efikasite enèji ak ede diminye bòdwo enèji kliyan an, tout sa pandan yap fè plis rediksyon nan polisyon gaz a efè tèmik.

Lwa Rezistans ak Risk kominotè a pral koòdone syans ak règleman ki egziste deja pou kreye yon New York ki gen plis sekirite. Eta New York gentan envesti plizyè milyon dola nan pwogram rechèch pou konprann pi byen efè nan chanjman klima sou New York. Anplis, pwogram rekiperasyon tanpèt NY Rising genyen ladann eleman pou rezistans chanjman klima ak adaptasyon.

Chèf Konsèvasyon ak Afè Ekstèn New York, Konsèvasyon Lanati, Stuart F. Gruskin te deklare, “Nan siyen lwa Rezistans ak Rediksyon Risk kominotè kòm lwa, Gouvènè Cuomo asire ke Eta New York pral pran yon apwòch dinamik nan defi chanjman klima nou an. Nan aplike rekòmandasyon Konsèy 2100 Gouvènè Cuomo te fè a, kote Konsèvasyon Lanati (Nature Conservancy) te patisipe, nouvo lwa a pral ede kreye yon New York ki pi rezistan. Nou apresye Gouvènè Cuomo pou lidèchip kontinyèl li sou zafè rezistans klima, e nou remèsye Senatè Diane Savino ki te patwone pwojè lwa a ak Manm Asanble Robert Sweeney pou lidèchip yo sou zafè sa a nan lejislati a.”

Prezidan ak Direktè Konsèy biznis Eta New York Heather C. Briccetti te deklare, “Plizyè pwojè enfrastrikti konsidere konsepsyon pou yo adrese risk fizik klima a tankou estrateji peyizaj oswa plasman bilding. Lwa sa a egzije ke Depatman an bay sètitud pou Eta a, lokalite yo ak investisè prive yo nan devlopman konsèy ki adrese risk fizik klima a. Konsèy Biznis la remèsye Gouvènè Cuomo, ak Senatè Lejislatè Savino ak Manm Asanble Sweeney, pou lidèchip yo ak avansman, amanman ak piblikasyon lwa sa a paske li reprezante youn nan plizyè opòtinite kote enterè kominote biznis la ak anviwonman kapab adrese ansanm.”

Konsèy Defans Resous Natirèl, Direktè Lejislatif ak Politik New York pou Pwogram Iben Richard Schrader te deklare, “Lwa enpòtan sa a pral bay eta a ak gouvènman lokal yo ansanm avèk kominote biznis la zouti enpòtan pou l pi byen abòde gwo defi nan chanjman klima ki deja prezante a nou. Pandan lidè

Haitian Creole

mond la ap rasanble nan New York pou semèn klima a, nou remèsye Gouvènè a paske li siyen lejislasyon enpòtan sa a.”

Direktè Egzekitif New York Audubon Erin Crotty te deklare, “Audubon New York bat bravo pou Gouvènè Andrew Cuomo ak Lejislati Eta a, espesyalman Manm Asanble Robert Sweeney, pou piblikasyon Lwa Rezistans ak Risk kominotè la. Rapò syantifik Audubon te pibliye pa twò lontan de sa te montre ke plis pase mwatye nan zwazo North American yo pral menase avèk chanjman klima a. Rapò Audubon an se yon apèl pou aksyon ke nou dwe fè plis pou nou redwi emisyon gas a efè tèmik yo ak pwoteje plas zwazo bezwen pou yo pwospere ak siviv kounye a ak nan lavni. Lwa sa a pral ede nou atenn objektif sa yo nan asire ke risk klima nan lavni fè pati de finansman enfrastrikti piblik ak pwogram ki apwouve e ke pwojè ogmantaasyon nivo lanmè yo ap devlope. Nap tann pou nou travay avèk Administrasyon an pou nou sipòte aplikasyon rapid lwa enpòtan sa a.”

Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York Marcia Bystryn te deklare, “Lwa Rezistans ak Risk Kominotè a se yon pyès enpòtan nan estrateji rezistans klima nan Eta New York. Nou bat bravo pou lejislati a ak pasaj li ak Gouvènè Cuomo paske li siyen l an lwa.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE